






Машғулотларни бу тартибда ташкил қилиниши талабалар ўртасида халқ ҳунармандчилиги ва амалий санъатга қизиқувчи, қобилиятли ёшлар кўплигини ҳам кўрсатди. Талабаларнинг ижодий ишлари университет ва вилоят миқёсида ўтказилган турли кўргазмаларда намойиш қилиниб келинмоқда. “Меҳнат таълими” йўналиши 4-курс талабаси Шоназарова Мавлуда 2018 йилда Самарқанд архитектура ва қурилиш институти томонидан ўтказилган “Янги аср истеъдодлари – 2018” номли республика кўрик-танловида ўзининг амалий санъатнинг наққошлик йўналишидаги ижодий ишлари билан қатнашиб келди.

Мамлакатимизда олий таълим тизимини такомиллаштириш бўйича олиб борилаётган ишлар ва кафедрада халқ ҳунармандчилиги ва амалий санъат йўналишида тўпланган тажрибаларни ҳисобга олиб 2018-2019 ўқув йилида Низомий номидаги ТДПУга “Халқ ҳунармандчилиги ва бадиий лойиҳалаш” фанидан намунавий фан дастурининг лойиҳаси тузиб тақдим қилинди [3].

Халқ ҳунармандчилиги ва бадиий лойиҳалаш фанидан таклиф қилинган дастурда талабаларнинг амалий машғулотларда бажарадиган график ҳамда амалий ишлари учун 30 та мавзу тавсия қилинган бўлиб, ўқув йилининг бошида кафедрадаги мутахассис ўқитувчилар шу рўйхатдан талабалар бажарадиган ишларнинг миқдори ва ҳажмини танлаб олишлари, зарур ҳолларда маҳаллий шароитларни эътиборга олиб ўзгартиришлари мумкинлиги такидланган. Талабаларнинг мустақил шуғулланишлари учун мавзулар, адабиётлар рўйхатлари келтирилган.

Кафедрада ўзбек халқ ҳунармандчилиги ва амалий санъати бўйича узоқ йиллар давомида тўпланган материаллар ҳамда миллий халқ ҳунармандчилиги ва амалий санъат бўйича мавжуд адабётлардан фойдаланган ҳолда “Халқ ҳунармандчилиги ва амалий санъат бўйича амалий машғулотлар”, “Шрифтлар бўйича амалий машғулотлар” ва “Саноат графикаси ва макет тайёрлаш бўйича амалий машғулотлар”номли методик қўлланмалар тайёрланниб нашрдан чиқарилди. Ушбу қўлланмаларда умумий ўрта таълим мактабларидаги “Технология” фанининг мазмуни ва “Технология” (меҳнат таълими) йўналиши талабаларини умумий ўрта таълим мактабларида шу фандан талаблар даражасида ўқув машғулотларини ташкил қилиш, ўқувчиларнинг ижодкорлик қобилиятларини ривожлантиришга кўмаклашишга алоҳида эътибор қаратилди.

Халқ ҳунармандчилиги ва бадиий лойиҳалаш фанини ўқитиш жараёнида таълимнинг замонавий методлари, жумладан, педагогик ва ахборот технологиялари қўлланилиши назарда тутилган. Бунда маъруза дарсларида замонавий компютер технологиялари ёрдамида тақдимот ва электрон технологияларидан фойдаланилса, амалий машғулот дарсларида эса “Ақлий хужум”, “6х6х6”, “Фикрлаш кенглиги шажараси”, “Кластер” ва бошқа педагогик технология методларини қўллаш назарда тутилади.

### Адабиётлар


1. Умумий ўрта таълим муассасалари учун меҳнат (технология) фанидан ўқув дастур. Республика таълим маркази. –Т.: 2017.
2. Халқ ҳунармандчилиги ва бадиий лойиҳалаш. 5112100 – “Технологик таълим” йўналишининг ўқув дастури. ЎзР Олий ва ўрта махсус таълим вазирлиги. –Тошкент: 2019, 10 бет.
3. Рўзиев Э.И., Анорқулова Г.М., Тожиев Ж.К. Халқ ҳунармандчилиги ва бадиий лойиҳалаш фанидан дастур лойиҳаси. –Урганч: УрДУ, 2018, 20 бет.
4. Амалий графика фани бўйича ўқув дастури (тузувчилар: проф. Э.И.Рўзиев, к.ўқ. Ж.К.Тожиев). –Урганч: УрДУ, 2016,16-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада олий таълим муаассасаларидаги “Технология” (“Меҳнат таълими”) бакалавриат йўналишидаги “Халқ ҳунармандчилиги ва бадиий лойиҳалаш” фанидан таълим жараёнини ташкил қилишдаги мавжуд муаммолар ва уларнинг ечимлари бўйича амалга оширилаётган ишлар ҳақидаги маълумотлар келтирилган. Шу фандан таълим жараёнида бўлажак технология ўқитувчиларининг халқ ҳунармандчилиги ва амалий санъат бўйича компетенцияларини ривожлантиришда муаллифлик таклифлари берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются некоторые проблемы при организации учебного процесса по преподаванию дисциплины «Народный промысел и художественное проектирование» по направлению бакалавриата «Технологическое обучение» («Трудовое обучение»), а также пути их решения. Из выводов автора вытекают предложения по усовершенствованию компетенций будущих учителей по технологии по народным промыслам и прикладному искусству.

**SUMMARY**

The article gives information about the work on solution of the problems that occur during the process of teaching the subject “Handicraft and artistic designing” in Bachelor direction of “Technology” in higher education. The author gives suggestions about development of future teachers’ competencies in technology of in handicraft and applied art.


## ӘЖИНИЯЗДЫҢ ЖАСЛАРҒА БИЛИМ БЕРИЎ УСЫЛЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА


**Ж.К.Таспанова -** *еркин излениўши*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** мактаб-мадраса, одатий ўқитиш, қараш, маданият, урф-одати, ёдлаш, шакллантириш.
**Ключевые слова:** школа, традиционное обучение, взгляд, культура, обычаи, выучить наизусть, формировать.
**Key words:** school, traditional teaching, opinion, culture, customs, to learn by heart, to form.


XIX әсирдеги Орта Азия халықлары мектеп, медреселеринде жасларға тәлим бериў усыллары тийкарынан Орта әсирлер заманындағы дүнья жүзине белгили шығыс алымлары тәрепинен теориялық ҳәм әмелий бағдарда исленилип шығылған оқытыў усылларына сүйенилип еди. Себеби, ертедеги Хорезмде дүньялық илимлерди изертлеў менен қатар, оны мектеп, медреселерде шәкиртлерге үйретиў усылларын сапалы әмелге асырыў ҳәрекетлери де жолға қойылғаны мәлим.

Әсирлер даўамында раўажланып келген мәдeният, илим, жетискенликлери жасларға билим бериў усылларының раўажланыўына да өз тәсирин тийгизди. Усындай дереклерди инабатқа ала отырып, Әжинияз мазмунына оғада баҳалы пикирлерди жәмлеген «Демишлер» қосығында орта әсирлерде Хорезм ели алымлардың жәмленген уллы орайы болып, гүлленип

турғанлығын, жәмийетлик ҳәм тәбийий пәнлердиң раўажланыўы менен қатар, бул илим тараўларын мектеп-медреселерде шәкиртлерге оқытыў усыллары да табыслы әмелге асырылып келингенлигин, оқытыў усылы илимниң өзиниң раўажланыўы менен тығыз байланыслылығын айрықша түсиндирген еди. Буны шайырдың: «Қарақум ийшан» медресесиниң «жетилген билими, услубы тәлим» [5] деп, жазғанынан да байқаймыз. Илим қанша сапалы раўажланса, бул жетискенлик оқытыў усылларының нәтийжели болғанлығынан деп есаплаған Әжинияз, илим менен оқытыў усылы, бири екиншисинен ажыралмайтуғын қубылыслар деп баҳалаған.

Үлкемизде XIX әсирде «Қарақум ийшан» медресесиниң билим тарқатып, илимди раўажландырыўдағы, оқытыў усылларын жетилистириўдеги, диний тәлиматлар менен қатар, дүньялық илимлерди халыққа ен жайдырыўдағы хызмети мол болғанлығы мәлим. Медресе устазлары шәкиртлерге тәлим бериў барысында өз тәжирийбелеринен келип шығып, утымлы оқытыў усылларын қолланыўы ақыбетинде балалардың ойлаўшылығы, түсиниги илимниң белгили бир тараўлары бойынша олардың исениминиң қәлиплесиўи орын алатуғынлығын, билими толысып, ақылы жетилисе баслайтуғынлығын жақсы түсинди. Шәкиртлердиң үйренген билимлери арқалы қоршап турған дүньяны және де серлилик пенен бақлаўы жүз беретуғынын, бул ушын устаз өз пәнин қанша дәрежеде аңсат усылда шәкиртлерге баянлап, түсиндирсе, билим мазмунын олардың сонша тез уғып, өзлестирип алыўы жүз бериўин жийи байқады.

Сөз етип атырған дәўирдеги мектеп, медреселердиң билим бериў дәрежеси пәс болды деп баҳа берсекте, оқытыўға қойылатуғын талаплар белгили дәрежеде дыққатқа миясар болғанлығын тән алыўымыз лазым. Буларда тәлим ҳәм тәрбияның өз ара байланыслылығы, оқытыўдың избе-излик пенен аңсаттан қыйынға қарай үйретилип барылыўы, оқытыў шәкиртлердиң жас өзгешелигине, ақыл түсинигине, жеке айырмашылығына сай үйретилиўи сыяқлы дидактикалық талаплар белгили дәрежеде жүзеге асырылып отырылғаны мәлим.

Әсиресе мектеп, медреселерде оқыў сабақлары мазмунын аўызеки баян етип, сабақты гүрриңлесиў арқалы алып барыў, шәкиртлерди китап пенен (сабақлық пенен) өзбетинше ислесиўге үйретиў, оқытыўда көрсетпели шынығыўларды алып барыў т.б. оқытыў усыллары устаз-уламалар тәрепинен жийи қолланылып отырылған. Бул усылларсыз, ҳәттеки, элементар түрдеги оқыў барысының әмелге асырылыўы да мүмкин емес еди. Ҳәр бир устаз өзи шәкирт болып тәлим алған дәўириндеги бурынғы устазынан көрген-билген оқытыў усыллары менен жеке өзине тән топлаған мүддәрис сыпатындағы шеберлигинен пайдаланған.

Усындай бағдардағы билим бериў тәжирийбелерине ийе болған оқыў орайы «Қарақум ийшан» медресесиндеги жетискенликлерди Әжинияз айрықша жоқары баҳалады. Сөз етип отырған «Демишлер» қосығында:

Қарақум ийшандур илим мәсканы,
Услубы бәлентдур, оқыр яш жаны [5] –
деп жазғаны тийкарсыз емес еди.

Ағартыўшы медресениң қарақалпақ ҳәм Хорезмдеги белгили билим дәргайына айналыўының тийкарғы себеби, ондағы устазлардың билимди ел ишине ен жайдырыўға қосқан үлеси ҳәм бул билим бериў ислерин шәкиртлерге үйретиў усылларының утымлы, қолайлылықларға ийе болғанлығынан деп түсинди. Сабақ мазмуны шәкиртлерге өзлестирилиўи ушын жеңил усылда усынылса, шәкиртлердиң оны тез меңгерип алатуғынлығын, билим алыўға қызығыўшы жаслардың қатары артатуғынын ескертти ҳәм билим бериўдиң нәтийжели болыўы оның мазмунына, оқытылыў усылларына тығыз байланыслы деген жуўмаққа келди.

Әжинияз «Демишлер» қосығында «Қарақум ийшан» медресеси жөнинде көп ғана пикирлерди баянлаған. Биз оның бул оқыў орайында сабақ берип, устазлық қылғанлығы туўралы ҳәзирше анық дереклерге ийе емеспиз. Бирақ жоқарыда аты аталған қосығының мазмунына қарағанда, ағартыўшының бул медреседеги билим бериў мазмуны, тәлим усылы, шәкиртлерге дүньялық илимлерди үйретиўи жөнинде жақсы мағлыўматларға ийе болғанлығын байқаў мүмкиншилигине ийемиз.

Шайыр билимлендириў тараўында тәлим бериў усыллары үлкен маңызға ийе деген уғымды нәзерде тута отырып, ол дәўирдеги көпқана мектеп, медреселерде «Қарақум ийшан» медресесиндегидей оқытыў усыллары жетилискен дәрежеде емес екенлигин жақсы байқады. Усындай унамсыз жағдайларды сезген шайыр, мектеплердеги оқытыў усылларына өзгерислер енгизип, саўат ашыўдың балаларға қолайлы жолларын излестирди. Ағартыўшының бул ойларына оның Оренбургта, қазақ, татар ҳәм башқурт халықлары арасында, бес жылдан аслам өмир сүрип, ол жерлердеги халықлардың мәденияты, үрп-әдети менен танысып, мектеплерин, жоқары оқыў орынларын (Оренбург) көриўи және 1874-1878-жыллары ашылған Төрткүлдеги (Петро-Александровскийдеги) рус мектеплеринен хабардар болыўы үлкен тәсир жасаған. Усы себепли, ол жасларды саўатлы етиў ушын мектеплерде китап оқытыўдан тысқары, жазыўды да, оның имлаларын, ҳәриплердиң дурыс жазылыў өзгешеликлерин де үйретиў зәрүрлигин талап етти. Жазыў имласын билмей, қуры китап оқытыўды өзлестиртип шәкирт таярлайтуғын моллаларды билимли устаз деп есапламады. Сонлықтан тек ядлатып китап оқытыўды үйретиўши айырым устазлардың саўат бермейтуғынын, бундай мүддәрислик етиўшилердиң жасларға хат жазыўды үйретиўге жаны ашымағанлығын сынға алып:

Аўам якшы мундағ молла, хожадан,
Қәлем йонып язар хаты болмаса [1:83]
-деп айтты.

Мектеп устазларының, биринши гезекте, жасларға қолайлы, жеңил усыллар менен билим бериўин қуўатлап, мектептен бала алды менен хат жазыўды үйрениўи лазым деген көзқарасларды баянлады. Усы мақсетте шайыр жаслардың ҳәрипти аңсат үйрениўине жәрдем бериў ушын, алды менен альфавиттиң қатар, избе-из жайласыў тәртибин өзлестирип алыўын зәрүр санаған.

Шайыр «Бери кел», «Ай Әлип» атлы қосықларын араб альфабитиниң ретли түрде айтылыўы менен жазып («әлип, бе, те, се, жум, ха т.б.»), мектепте шәкиртлердиң ҳәрип үйрениў дәўирине тийисли болған, қайсы сөздиң қандай ҳәриптен басланатуғынына үлги мысаллар келтирип, араб тилинде неше ҳәрип бар екенлиги, олардың жайласыў избе-излиги ҳаққында мағлыўматлар береди. Мысалы «Ай» ҳәриби «әлип» деп айтылып «а», ҳәм «ә» сеслеринен басланатуғын «ақ», «әйне» сөзлерди жазған гезде қолланылатуғынын, «Бе» ҳәриби «бел» деген сөзди, «Те» ҳәриби «тис» сөзин жазарда дәслепки сеслер сыпатында келтирилетуғынын т.б. түсиндирген.

Әжинияз тәлим бериў барысында үйретилетуғын мағлыўматларды жаслардың дурыс түсинип ҳәм тыянақлы өзлестирип алыўы ушын оларды көз бенен көрип үйренсе, билимниң сапалы қабылланылыўы жүз беретуғынын ескертип, тәлимниң көрсетпели болыўы принципин усыныс етти. «Базы биреўлер» атлы қосығында қоршап турған дүньяны билиўде адамның сезиў ағзалары ҳәм ойлаўы айрықша әҳмийетке ийе екенлигин баянлап, көз жәрдеминде көрген затты адам қабыл етип, ол туўралы пикир жүргизеди, ойлайды, сезиў ағзалары арқалы берилген бул мағлыўматты адам ойы (мийи) жәрдеминде таллаў жасап, мазмунына

дыққат аўдарады, оны өзлестирип билимин кеңейтеди деди. Усыларды нәзерде тутып: «Адам ойы менен ибрат алар, ҳәр нәрсени көз көрип» [1:80] деп жазған еди.

Шайыр өз аўылында ҳәм қазақ елинде көп жыллық бала оқытыў тәжирийбелерин топлай отырып, жасларға билимди талап дәрежесинде өзлестирмеген жағдайында оларға дене жазасын қолланыўды тәлим-тәрбияны дурыс жүргизе алмаўшылық деп есаплады, Усы мақсетте «Бахыт» атлы қосығында дене жазасы балаларда руўхый таманнан қыйналыўшылықты пайда ететуғынын, шәкиртлерге сабақты билмегени ушын дене жазасын қолланыў надурыслығын, сабақтан үлгере алмаса, оған түсиндириў кереклигин ескертип, «Билмеске ыза берип болмас»лығын [3:184] айтады.

Әжинияз дәстүрий оқытыў усылы сыпатында өзлестирген билимди умытпай, ядта сақлаў ушын шәкиртлерге үйретилген сабақларды тез-тез тәкирарлатып турыў тәрептары болды. Ол берилген тапсырмаларды сорағанда ядлаў түринде айтып бериўди бийкар етпеген. Ядлаў баланың есте сақлаў қәбилетин жетилистирип, ядын шынықтырады деп есаплаған. Сабақ мазмунынан шәкиртлердиң түсингенин өз сөзи менен баянлап бериўин айрықша мақул санаған ҳәм сеслерди дурыс, ҳәриплердиң сеслик айтылыўын анық баянлаўды талап етип, жасларды жағымлы ҳаўаз бенен көркем әдебий қирәәтке түсирип китап оқыўға үйреткен.

Әжинияздың өзи күтә хош ҳаўаз, қирәәтхан еди. Балаларға сабақ үйретип атырғанда, оның сыңғырлаған ҳаўазын аўылдың қыз келиншеклери суўдан киятырып, суў қабақларын мешиттиң дийўалына сүйеп қойып, қапысының сыртынан тыңлап туратуғын болған.

Булардан тысқары, ағартыўшы өз мектебинде гейпара диний тәртиплерге итибар берместен, оқыў пәнлери мазмунына өзбетинше музыка, қосық сабағын енгизген. Музыка жаслардағы зейинди өткирлестирип, елеслетип ойлаўды жанландыратуғынын, адамның ишки машқалаларын шешиўге ақыл-парасат, сезим пайда ететеғынын, жасларды адамгершиликке, жаны пәкликке, елин сүйиўге тәрбиялаў уқыбына ийе екенлигин жақсы байқады. Усы себепли ол, мектеп оқыўшыларына өзи сөзин ҳәм музыкасын дөреткен «Бозатаў»ды және басқа да көплеген халық намаларын үйретип, мектепте шәкиртлерге эстетикалық тәрбия бериў жумысларын да алып барған. Әжинияз өзи ашқан мектебинде ул балалар менен қызларды бирге оқытқан. Ол усы ҳәрекетлери арқалы жәмийетлик турмыста ҳаял-қызлардың ҳуқықының теңлигине ерисиўге умтылғанын көрсетти.

Булар XIX әсир ақыры XX әсир басындағы Орта Азия аймағында қәлиплесип шыққан жаңа оқытыў усылы- жәдитше саўат ашыўдың үлкемиздеги дәслепки изленийлери еди. Биз Әжинияздың рус халқы арасында, Едил бойларында болғанлығын нәзерде тутсақ, шайырдың рус мектебинен, татарлар арасындағы жадитшилик ҳәрекетлеринен, ондағы оқытыў усылларынан белгили дәрежеде хабарлы болғанлығына гүманланбаймыз.

Усылай етип, Әжинияз, өз дәўириндеги мектеплерде жасларға билим бериў усылларына айрықша дыққат пенен қарап, оны жақсылаў илажларын излестириў кереклигине тоқтам жасаған. Илим менен оны үйретиў усылларының тығыз байланыслы екенлигин, билимди шәкиртлердиң сапалы өзлестириўи тәлим бериў усылынан ғәрезли екенлигин, мектепте шәкиртлер тек китап оқыўды емес, ал хат жазыўды да үйрениўи лазымлығын, тәлимниң көрсетпели усылда алып барылыўын талап еткенлигин байқаймыз. Әсиресе мектепте балаларға дене жазасын қолланыў надурыс екенлигин, мектеплерге музыка-қосық сабағын енгизиў зәрүрлигин, ул ҳәм қыз балаларды бирге оқытыў әҳмийетлилигин ҳәр бир устаздың оқытыў исин дөретиўшилик пенен алып барыўын талап еткенлигин көремиз.

Шайырдың оқытыў усыллары тараўындағы базы бир пикирлери жасларымызға бәркамал әўлад сыпатында тәрбия қәлиплестирип атырған мектеп муғаллимлерине өз жумысларын излениўшилик пенен алып барыўларына жедел, жигер, пайда етиў ислеринде ҳәзирги ўақытта да үлкен әҳмийетке ийе.

## Әдебиятлар


1. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: ҚҚМБ. 1960, 180-б.
2. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1965, 295-б.
3. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975, 252-б.
4. Әжинияз. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988, 152-б.
5. Әжинияз. Демишлер. / «Қарақалпақстан жаслары», 1997-жыл 9-октябрь.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада Ажинияз Қосибай ўғлининг ёшларга берган таълим тарбияси ҳақида сўз юритилади. Шоир таълим соҳасида таълим бериш усуллари катта аҳамиятга эга эканлигини ва ўз давридаги мактабларда ёшларга билим бериш усулларига тўҳтаб ўтади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье показаны роль и место вопросов образования и воспитания в произведениях известного каракалпакского поэта-классика XIX века Ажинияза Косыбай улы. Высказывания поэта о методах обучения и воспитания молодого поколения представляют ценность и могут применяться и сегодня.

**SUMMARY**

The article deals with the role of issues of education and upbringing in the works of the famous Karakalpak poet-classic of the XIX-th century Ajiniyaz Kosibay uli. The ideas of the poet about methods of teaching and upbringing of young generation are still of a great importance and can be applied today.


## БЎЛАЖАК ЎҚИТУВЧИЛАРДА МЕНЕДЖЕРЛИК КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ ТЕХНОЛОГИЯЛАРИ


**Н.Тожибоева** – *таянч докторант*

*Низомий номидаги Тошкент давлат педагогика университети*



**Таянч сўзлар:** бошқарув модели, замонавий менежмент, ижодий потенциал, психологик хусусият, ташкилотчи, ташаббускор, стратег, коммуникатор, таҳлилчи, шахсий ва касбий ўсиш, педагогик жараён, эффект, стратегия, концептуал бирлик, ички омил, таълим менежери.

**Ключевые слова:** модель управления, современное управление, творческий потенциал, психологический характер, организатор, инициатива, стратег, коммуникатор, аналитик, личностный и профессиональный рост, педагогический процесс, эффект, стратегия, концептуальное единство, внутренний фактор, менеджер образования.

**Key words**: management model, modern management, creative potential, psychological character, organizer, initiative, strategist, communicator, analyst, personal and professional growth, pedagogical process, effect, strategy, conceptual unity, internal factor, education manager.


Ривожланган мамлакатларда бошқарув модели доимий равишда ўзгариб туради ва янги методларни кашф этади. Уларнинг етакчи олимлари ҳақиқий бошқарув муаммоларини яратишда давом етмоқда. Янги бошқарув моделларининг хусусиятлари аҳолининг миллий хусусиятлари билан белгиланади: охиригача курашиш, уларнинг устунлиги ва ҳаётийлигини сақлаб қолиш қобилияти. Улар ўзларининг эксклюзивлигини таъкидлайдилар, тез ва катта